ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№102-103 (22.761) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ди республикэр Урысеймрэ Іуэхущ-Іапхьэмрэ я зыгъэкІ и щІыналъэхэм ящыщщ

Накъыгъэм и 27-м Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий Краснодар краймрэ щыІэ «Абрау-Дюрсо» щагъэр щащІ предприятэ цІэрыІуэм еплъащ икІи Урысей Федерацэм жызым щыгъэкІыныжкІэ, щагъэр щыщІынымкІэ лэжьыгъэхэр зэблэзыгъэкІ хабзэ мардэхэр егъэфІэкІуэным, а Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий.

Урысейм и жызым хадэхэр кьанэ щымыІэу зезыхьэр Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округэм хьхьэ щІыналъи 7-рщ. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэтщ. Жызым гъэкІыным зегъэужьынымкІэ 2013-2020 гъэхэм ятещІыхьауэ къэралым кьащащта программэм ипкъ иткІэ, республикэм а лъэхъэнэм къриубыдэу сом меларди 2,85-рэ къыхуаутІыпщынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-Іапхьэ.

ЧЕЧЕНОВ Ануар: «Лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ»

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Щіэныгъэмкіэ, егъэджэныгъэмкіэ, щэнхабзэмрэ хъыбарегъащіэ политикэмкіэ и комитетым иджыблагъэ Владикавказ къалэм щригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным, хэІущІыІу щІыным икІи ди зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ аэр къэгъэсэбэпыным теухуа и зэІущІэр. Абы хэтащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщым и къуэдзэ Умаханов Ильяс, Осетие Ищхьэрэ-Аланиер Республикэм и Іэтащхьэ Мамсуров Таймураз, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я къэрал властым я лІыкІуэ, гъэзэщІакІуэ органхэм я лэжьакІуэхэр. ІэщіагъэлІэкІэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ а зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Щэнхабзэмкіэ и комитетым и унафэщІ Рахаев Анатолий сымэ.

ФЕДЕРАЦЭМКІЭ Советым и зэІущІэм къыщыщыпсалъэм Чеченов Ануар къыхигъэщхьэхуІащ Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныр, абыхэм зегъэужьынымкІэ тхьэмэшхуэ Іэхуу зэрыщытыр. А хъугъуэфІыгъуэхэр дяпэ ита щІэблэхэм илъэсищэ бжыгъэкІэрэ къызэрагъэпэщащ икІи аэр Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я мызакъуэу, зэрыщыту Урысейм, дуней псом цІыхуу тетым я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Аэр димыІэмэ, иджырей гъащІэм дыхэзэгъэнукъым, ди къэралыр псынщІэу апэкІэ тхэгъэкІуэтэнукъым.

Къэпсалъэм кьиГъэлъэгъуащ дэтхэнэ лъэпкъми и зэхэщІыкІыр, и дуней еплъыкІэр щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэм зэрелытар икІи аэр зэрахъумэрэ зэрагъэбагъэмрэ дэтхэнэ лъэпкъми и къарум, и зэхэщІыкІым я дамыгъэу зэрыщытыр.

- Мы зэманым дэ ди жагъуэ хуэдэр куэдрэ кьыхьизогъащ сызытепсэлъыхь Іуэхум хуэгъэзауэ властым и Іэнатіэ псоми ялажьхэм нэгъэсауэ арэзы ухъыз эрамыщІыр, - хэжауэ жиІащ КъБР-м и Парламентым и спикерым. - Иужьрей илъэсипщІхэм къриубыдэу археологием пхуэзэтемыгъуэвэжьи хэщІыныгъэхэр ираташ щхьэзыфІэфІу ухуэныгъэхэр, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэр зэрыраГъэкІуэкІым къыхэкІыу. Нобэм къэскІэ унафэ тращІыхьакъым тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр, аэр здэщыІэ щІыналъэхэр къэрал мыльку къэлъытэным. Абы къыхэкІыу археологхэр щыгъажьэн хуей щІыналъэхэр щІыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм бэджэндау щІыху щхьэхуэзэм щрат куэдрэ кьохьу. Мыбдежым кьыщалъытэркъым «Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м кьащта Федеральнэ закон №73-ФЗ-м кьызэригъэувымкІэ, археологием и фэеплъхэр къэрал мылькым къыхагъэкІыну зэрыхуимытыр, аэр зытет щІыналъэхэри тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ щІыхьэм зэращыщыр.

Чеченов Ануар нэгъуэщІ, Іуэху зыбжани къиІэтащ. Къапщтэмэ, щэнхабзэм и фэеплъхэм ятеуха федеральнэ законым хэткъым ухуэныгъэ пыухыкІауэ щымыт щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр зэрахъумэ щІыкІэр зэблэзыгъэкІ мардэхэр. Абы къыхэкІыу, Чеченов Ануар къызэрильытэмкІэ, Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм хэлъхьэн хуейщ лъэпкъым кьыдекІуэкІ хабзэхэр хъумэным и лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я полномочиехэм зезыгъэубгу зэхъуэкІыныгъэхэр. Апхуэдэу егупсысыпхъэщ бзэм, хабзэм, кьинэмыщІ щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм я каталог е къэрал реестр зэгуэт къызэгъэпэщыным.

Абыхэм кьадэкІуэр мы зэманым хэхауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм ящыщу КъБР-м и Парламентым и спикерым кьелъытэ:

- Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я хабзэхэр, щэнхабзэр хъумэным елэжь щэнхабзэ-нэгуэгъэгъужьхэмІІ Іуэхущ-Іапхьэм ядэ-Іэпыкъуныр;
- апхуэдэ щэнхабзэ Іуэхущ-Іапхьэм щылажьэ Іэщ-Іагъэлі-Іхэм защІэгъэкъуэныр;
- цІыхубэ творчествэмкІэ гупхэм ядэ-Іэпыкъуныр;
- Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэхэр хъумэным хуэунэтІа творческэ проектхэр ядэІыгъныр;
- Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр хъумэным хуэунэтІауэ щэнхабзэ-нэгуэгъэужь Іуэхущ-Іапхьэм лэжьыгъэхэр кьыщыІэзэрыгъэпэщ Іэщ-Іагъэ-Іэпхэр зэрагъэхьэзырыр, абыхэм я щІэныгъэр зэрыхагъахъуэр егъэфІэкІуэныр.

(КІэухыр 2 нэ кап.).

Газ ямыІэу аргуэру къуажитІ къонэ

Накъыгъэм и 27-м уэлбанэшхуэм джабэхэр къызэрырилъэсэхам къыхэкІыу Шэджэм районым хьихь булунгу, Элытюбю къуажэхэм екІуалІэ газ бжьамийр зэпыудащ. А бжьамий гъуэгур зэфІагъэувэжу газыр зэрауТІыпщыжрэ зы махуэ дэкІауэ арат. Иджы жылагъуитІым кьадэкІуэу, Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъушІапІэм и гъунапкъэхъумэхэр зыщыпсэу хэщІапІэми газ иІэжьым.

БЖЬАМИЙР зэфІэгъэувэжьым Іэщ-Іагъэ-Іпхэр еужьэрэкІри, лэжьыгъэ псори дыгуасэ пщыхьэщхьэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІащ. Ауэ иджыри бгыр кьыгуэункІэ шынагъуэ щыІэщ. Уэлбанэшхуэр зэтемыувыІэмэ, абы иджыри хэщІныгъэ куэд кьихьынущ.

Дыгуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм кьыщыщыпсалъэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Храмов Константин кьыхигъэщащ кьыззрымыкІуэ щытыкІэхэм щапэщІэт щІыналъэм и хабзэр зэрыщыту республикэ псом щагъэувынкІэ зэрыхъунур. Абы зэрыжиІамкІэ, иужьрей зы тхьэмахуэм кьриубыдэу уэлбанэмрэ псыдзэмрэ республикэм кьрата хэщІныгъэр сом меларди щІегъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-Іапхьэ.

Узыншагъэр щызэфІагъэувэж центрхэр КъБР-м къыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьащ КІуэкІуэ Юрийрэ къэралым и кардиохирург пашэ Акчурин Ренатрэ щызэІущІам

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий ІущІащ Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и академик, гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ РАМН-м Мясниковым и цІэкІэ щыІэ и Урысей кардиологие щІэныгъэ-производственнэ центрым и унафэщІ Акчурин Ренат. Кардиолог пашэр ди республикэм лэжьыгъэ Іуэхухэр щыІэщ.

Республикэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ диагностикэмрэ сымаджэхэм зэреІэзэнымрэ я Іэмалхэр, КъБР-м и санаторэ нэхъыфІхэм узыншагъэр щызэфІагъэувэж центрхэр кьыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и вице-премьер Алтуд Юрийрэ узыншагъэр хъумэныжкІэ министр Шэт Ирмэрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-Іапхьэ.

● Егъэджэныгъэ

Тэмэму зэхаублэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэр къэзыуххэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятащ накъыгъэм и 26-м литературэмрэ географиемкІэ. Езыхэм къыхаха дерсхэм ящыщу зэрыщытым къыхэкІыу, ар зытахэр куэд хъуртэкъым - цІыху 282-рэ.

ЕГЭ-м щызекІуапхъэ хабзэхэр къызэпамыудын папщІэ, ар щекІуэкІыну щыпІэ псоми видеокамерэхэр щІагъэуващ. Дэтхэнэ пэшми щекІуэкІым Интернеткі эукІэльыпльыну Іэмал щыІащ.

- Федеральнэ инспекторхэм, жылагъуэ кІэльыплъакІуэхэм къызэралъытамкІэ, экзаменхэр ягъэува жыпхъэхэм тету тэмэму щІадзащ, - къыщыхигъащащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ накъыгъэм и 27-м екІуэкІа зэІущІэм.

КъыкІэлъыкІуэ экзаменыр нобэ йокІуэкІ. Урысыбзэмкіэ ЕГЭ-р цІыху 6235-м ят. Ар Іэмал имыІэу кьапэщылъхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым къыхэкІыу, цІыху нэхъыбэ екІуэлІэнущ икІи щекІуэкІынущ кьагъэлъэгъуа щІыпІэ 38-м.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ экзаменхэм зэрыхуэхьэзырым, кІэлъыплъакІуэ гупыр зэрылэжьэнум, ЕГЭ-р зэратыну тхылъхэр щІыпІэхэм зэрынагъэсыну щІыкІэм, нэгъуэщІхэми. Министрым къызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ экзаменхэр щат щІыпІэхэм телефон къащагъэсэбэпыну зыри зэрыхуимытыр.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекІуэкІыр зрагъэлъагъу жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу 536-м, апхуэдэуи къэралым щыпсэу цІыху 4000-м щІигъуи Іэмал яІэщ онлайну абы зыщагъэгъуэзэну. Экзаменхэр республикэм зэрыщекІуэкІыну зэманым мыбы щыІэнущ федеральнэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу 39-рэ. Ди республикэм щыщу цІыху 58-рэ федеральнэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм я къалэн яГъэзащІэу Кавказ Ищхьэрэм ЕГЭ-р зэрыщекІуэкІыр зрагъэлъагъунущ. Апхуэдэу ахэр щыІэнущ Дагъыстэным (цІыхуи 9), Ставрополь краймрэ (цІыхуи 10), Къэбэрдей-Балъкъэрым (цІыху 39-рэ). Ахэр псори Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и студентхэмрэ аспирантхэмрэщ.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ-Іапхьэм и лэжьакІуэ.

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым зэхьхьэ гуапэ щекІуэкІащ усакІуэ, тхакІуэ Кіыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькіэ. Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкіэ и кьудамэм къызэригъэпэща зэпеуэм пашэ щыхьэ еджакІуэхэр абы щагъэлъэпІащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, зэпеуэр республикэм и кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ илъэс ныкъуэкІэ щагъэкІуэкІащ. Абы хэтащ школхэм щеджэ, щэнхабзэ-нэгуэшхуэ ІуэхущІапІэхэм екІуалІэ ныбжьыщІэ мин 1щІым нэблагъэ. Аэр зэпеуэщ художественнэ тхыгъэхэм кьеджэныжкІэ, зи закъуэуи гупым хэтуи уэрэд жьІэныжкІэ, сурэтыщІ гъуэзджэмкІэ, декоративно-прикладной творчествэмкІэ, Іуэхум теухуа блын газетхэр, рефератхэр гъэхъэзырыныжкІэ, сочиненэ тхыныжкІэ.

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьудэдэ Жанатаев Сэлим зэпеуэм пашэ щыхьэ ныбжьыщІэхэм щехъуэхъум, кьыхихгъэщащ Хэкум и кьуэцІэрыІуэ, лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ зиІэ зыщІа Кіыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ илъэсищэ зэрырикъум трауха зэпеуэм мыхьэнэ зэриІэр, усакІуэм и гуащІэр кьагурыІэныжкІэ.

Жанатаев Сэлим, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, балетмейстр ПащІэ Рамед, КъБР-м щэнхабзэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ Хьэх Сэфарбий, КъБР-м и щІыхь зиІэ и артистэ ЖьакІэмыхьу КІунэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м радиомкІэ и унафэщІым и кьуэдзэ Гъурф Баллэ сымэ зэпеуэм щытекІуа еджакІуэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащІ икІи щІыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ яратащ.

Зэпеуэм хэтахэр гъэхуауэ кьеджащ Кіыщокъуэ Алим и усэ нэхъыфІу ялъагъухэм. Пшыхьыр яГъэдхащ Къалмыкъ Тамерлан, Тэгъуэзо Даянэ, Джэшей Албэч, нэгъуэщІхэми. Ар ирагъэкІуэкІащ Ут Алимрэ Къагъыр-мэс ФатІимэрэ.

Зэхьыхэм ирагъэблагъащ Кіыщокъуэ Алим и унагъэм щыщхэр, къэрал, жылагъуэ, щІэныгъэ лэжьакІуэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ,
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 29, *махуэку*

♦**Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и мамырщІэкъу къарухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и Дзэ автомобилистым и махуэщ**

♦1802 гъэм урыс физик, академик Петров Василий электрическэ дугар къиухутащ.

♦Литературэдж, критик щІэрыІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩІДДА-м и вице-президент, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Бечкаевым Лейлэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс усакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Абдокъуэ Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 30, *мэрем*

♦1431 гъэм Руан къалэм и утышхуэм щагъэсащ Жанинэ д'Арк.

♦Пшынауэ Іэзэ, КъБР-м и цІыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Телережиссёр, искусствоведением и кандидат, УФ-м и Артидаэм и лауреат **Сэралыт Самарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩІалэр унэ псоми я малъхъэщи, хъыджэбзыр унэ псоми я нысэщ.

Шэрэдж районым и администрацэм и Іэтащхьэу Муртазов Борис ягъэув

ЩІыпІэ самоуправленэм и Советым дыгуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Муртазов Борис Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэу щагъэувауэ. Ар а кьулькъым кьагъэлъэгъуащ нэхъапэу ирагъэкІуэкІа зэпеуэм кьриІуэхэм ябгъ иткІэ.

Муниципалитетым и Іэтащхьэщ депутатхэмрэ республикэм и унафэщІхэмрэ дзыхь кьыззэрыкуэщІам папщІэ фІыщІэ яхуищащ икІи кьыпІэщыІ кьалэнхэр игъэзэщІэныжкІэ и кьару псори зэрырихьэлІэнур кьыхигъэщащ.

Муртазов Борис Суфьян и кьуэр 1975 гъэм КъБР-м и Шэрэдж районым хьихь Балъкъэр Ипщэ кьуажэм кьыщалъхуащ. «Математикэ» Іэщ-Іагъэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КъБР-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкіэ и институтым и аспирантурэр, Къэрал къулькъыжкІэ Дон Іус Ростов къалэм дэт Кавказ Ищхьэрэ академиер «Къэрал, муниципальнэ унафэр зегъэкІуэныр» унэтІыныгъэмкІэ къиухащ.

Балъкъэр Ипщэ кьуажэм и администрацэм и Іэщ-ІагъэлІу 2000 гъэм лэжьэн щІидзащ. 2004 гъэм щегъэжьауэ Шэрэдж районым и администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и кьуэдзэу, 2007 - 2013 гъэхэм КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэу щытащ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м КъБР-м Егъэджэныгъэм, щІэныгъэм я Іэнатіэхэм щыкІэлъыплъныжкІэ, апхуэдэу щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и департаментым и унафэщІу ягъэувауэ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 8 лъандэрэ Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр егъэзащІэ.

УФ-м щыхухэм курыт щэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ-Іапхьэ.

Узыншагъэр щызэфІагъэувэж центрхэр КъБР-м къыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьащ КІуэкІуэ Юрийрэ къэралым и кардиохирург пашэ Акчурин Ренатрэ щызэІущІам

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий ІущІащ Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и академик, гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ РАМН-м Мясниковым и цІэкІэ щыІэ и Урысей кардиологие щІэныгъэ-производственнэ центрым и унафэщІ Акчурин Ренат. Кардиолог пашэр ди республикэм лэжьыгъэ Іуэхухэр щыІэщ.

Республикэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ диагностикэмрэ сымаджэхэм зэреІэзэнымрэ я Іэмалхэр, КъБР-м и санаторэ нэхъыфІхэм узыншагъэр щызэфІагъэувэж центрхэр кьыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и вице-премьер Алтуд Юрийрэ узыншагъэр хъумэныжкІэ министр Шэт Ирмэрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-Іапхьэ.

ЦІыхубэ усакІуэм и щІыхькІэ

● Зэпеуэ

Дохутырым и чэнджэщ фыхуеймэ...

● Иджы япэу

Накъыгъэм и 31-р Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм и онкологие диспансерым а махуэм зи тхьэмбылыр зыхуэдэр къэзыпщытэну жэрдэм зиІэ дэтхэнэ зыри ирегъэблагъэ.

ИРАГЪЭКІУЭКІА къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, нэхъыфІэу зи тхьэмбылыр лыих узыфэм иубыдыр тутынафэхэрщ. Тутын Іугъуэм хэтщ а узыфэр кьэзышІ канцероген куэд. Абы кьыхэкІыу тутынафэхэм я тхьэмбылым и щытыкІэр кьрагъэпщытэн хуейщ илъэс 35-рэ зи ныбжьым щегъэжьауэ адэкІэ гъэ кьэс. Къапщтэмэ, уз гуэрым укъыхимыгъэзыхьми, илъэс кьэс ар кьебгъэпщытэмэ нэхъыфІщ. Дэтхэнэ узыфэми, хэтІэсэным хунэмыс щІыкІэ, уеІэзэмэ, куэдкІэ нэхъ тыншу пхуэгъэхъужьнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэми щыпсэухэм я узыншагъэр къапщытэну накъыгъэм и 31-м сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 18 хъухукІэ ирагъэблагъэ онкологие диспансерым (Налшык, Лермонтовым и цІэр зезыхьэ уэрам, 23).

Дохутырыр зэбгъэпльэн папщІэ зебгъэтхауэ щытын хуейкъым, абдеж чэзыр къызэрыпльысым хуэдэу ущІыхьэну аращ. Хуейкъэм нэхъапэкІэ ирагъэкІуэкІа къапщытэныгъэхэм кърикІуахэр зэрыт тхылъхэр къызэдащтэ хъунущ.

Диспансерым екІуалІэкъэм кьеплъынущ онколог-пульмонолог Жашуев Аслъэн, рентген къудамэм и лэжьакІуэхэр и гъусэу.

ТЫЭЩЫЖ Милэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

«Лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Апхуэдизу, сэ къызэрыслъытэмкIэ, зи гугъу тщIы Федералънэ законым хэлъхьэн хуейщ Урысей Федерацэм и субъектым и мылкыуцIыт щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр ныкъуэдыкъуэхэм нэхъ тыншу къагъэсэбэлъым хуэгъэзэ Iэмалхэр кьыззэгъэпэщыныжмкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я полномочиехэм зезыгъэубгъу мардэхэр, - къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар.

«Урысей Федерацэм и музей фондымрэ Урысей Федерацэм щIы Музейхэмрэ я Iэуэкlэ» Федералънэ закон №54-ФЗ-м и гугъу щищым, Чеченовым жиIащ абы музей лIэужьыгъуэ пыухыкIахэр, псалъэм папщIэ, «музей-щIапIэ», «музей-фэтэр» жыхуэтIэхэм хуэдэхэр зэрызэхимыгъэкIыр, абыхэм эхэпшыпхэмрэ адрей коллекцэхэмрэ зэрахъумэр, зэрагъэпытагъэр, зэраджыр зэримыубзыхур.

- Абы къыхэкIыу законым дэщIыгъужьи хуейщ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа музейхэм я щIыналъэхэм хиубыдэ щэнхабзэ ухуэныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным, джыным, а щIыналъэм зэгуэр кьыдекIуэкIму щыта псэукIэр кьэзыгъэлъагъуэ Iуэхугъэр егъэжьным хуэунэтIа лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI мардэхэр. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдизкIэ щIагъэкIуэкI КъБР-м и щIыхьэ усакIуэ Кlыщокъуэ Алим, КъБР-м и щIыхьэ усакIуэ Кулиев Къайсын сымэ я унэхэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэм - ПащIэ Бэчмырзэ и музейм.

Музей хьэпшыпхэмрэ музей коллекцэхэмрэ зыхуэфащэ экспертизэ ирагъэкIа нэужь, Урысей Федерацэм и Музей фондым щыIэ хабзэхэм тету хэзыгъэхьэр е къыхэзыгъэкIыжыр Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр. А лэжьыгъэр тэмэму екIуэкIын папщIэ, Чеченов Ануар зэрыжиIамкIэ, музей фондым хагъэхьэну е къыхэгъэкIыжыну хьэпшыпхэм я экспертизэ езы щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIыну хуит щIын хуейщ.

Къэпсалъэм апхуэдизу мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы Iэхуи утыку зиригъэкIыжащ. Федералънэ закон №131-ФЗ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, нэгъуэжь Iэхуэхэр къызэзыгъэпэщ, щIыхуэхэм щэнхабзэ Iэхуэтхъэбзэхэр яхуэзыщIэ Iэхуэщапкlэхэр гъэлэжьэныр зи къаланыр жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр щызэзыгъэкIуэр органхэращ икIи абыхэм апхуэдэ Iэхуэщапкlэхэр (къуажэхэм я щэнхабзэ унэхэр, щэнхабзэ-нэгъэгъэужьыпIэ центрхэр, клубхэр) езыхэм я ахъшэкIэ зыхуей хуагъэзэн, ягъэзэжьын хуейщ.

- Ауэ, псори дыз эрыщыгъуаэзщи, щIыналъэхэм я бюджетхэр икIыжIэ зэрытхъэмыщкIэм къыхэкIыу щэнхабзэ лэжьыгъэм и иджирей инфраструктурэ абыхэм къахуэзгъэпэщыркъым. Абы и Iыныкъуэкlэ къапщтэмэ, сабий садхэр, школхэр, школакIуэхэм щIынигъэ гуэдзэн езыгъэгъуэт Iэхуэщапкlэхэр муниципальнэ районым и ахъшэкIэ щылажьэкIэ, щэнхабзэ Iэхуэщапкlэхэри абы и унафэм щIагъэувэ щхьэ мыхьурэ? ДызэрепльымкIэ, абы Iэхуэр нэрыльагъуу иригъэфIэкIуэнт,- жиIащ Чеченов Ануар. - АтIэми цIыхухэм зэхэщIыкIыр къэзгъэтыныжмкIэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр (бзэр, хабзэхэр, зэтеува зэхущытыкIэхэр) кьуажэм щыхъумэныжмкIэ, щIалэгъуалэр ефэкIуэн е лэжьыгъэм къыщыдэхуэм деж щхьэрыутIыпщ мыхъуным и лъэныкъуэкIэ щэнхабзэ Iэхуэщапкlэхэм я мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ.

И псалъэр щиухым Чеченов Ануар къыхигъэщхьэхуIащ:

- Кавказ Ищхьэрэ федералънэ округым и лъэпкъхэм, Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм щыпсу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр ди гъащIэм и Iэнатlэ куэдым кьыщыдогъэсэбэп икIи абыхэм гугкIи псэкIи нэхъ кьулей дащI. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм къэралым щаIэщIэхущ лъэпкъ политикэр пхыгъэкIыныжмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а хъугъуэфIыгъуэхэм я мыхьэнэр. Урысейм и лъэпкъхэр я тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ зэхъуэжным гугъуэхь пыухыкIахэр пылъщ. ПыухыкIауэ жыIэпэмэ, Урысей Федерацэм и субъект зэмылIэужьыгъуэхэм я тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я тхылъхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ кьыдагъэхьыжыркъым, абы къыхэкIыу зэдзэкIакIуэхэр нэрылъагъуу нэхъ мащIэ хъуащ. Къэралым щыIэжьым лъэпкъ литературэхэм зегъэужьыным елэжь къэрал Iуэхущапкlэ, газет, журнал. А псоми Урысейм и щэнхабзэ зэфIэкIхэр нэхъ лъэрымыхь ящI.

Лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэныжмкIэ сэбэпышхуэ хъуфынущ щэнхабзэ Iуэхуэхэм егъэщIылIа туризмэм зегъэужьыныр. Абы и лъабжьэр тхыдэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэращ, хабзэхэмрэ лъэпкъ зэхэтыкIэхэмри хиубыдэу. Дэтхэнэ лъэпкъри хэзыIэтыкIыр, зыгъэлъапIэр абы и щэнхабзэращ, и зэхэщIыкIымрэ зэхэтыкIэ тэмэмырэщ. Щэнхабзэр, абы сыт хуэдэ бзэр и лъабжьэу щымытми, псоми зэхащIыкI икIи абы къызыхуриджэр дэтхэнэри зыкъыз-зыгъэ хиубыдэу. Дэтхэнэ лъэпкъри хэзыIэтыкIыр, зыгъэлъапIэр абы и щэнхабзэращ, и зэхэщIыкIымрэ зэхэтыкIэ тэмэмырэщ. Щэнхабзэр, абы сыт хуэдэ бзэр и лъабжьэу щымытми, псоми зэхащIыкI икIи абы къызыхуриджэр дэтхэнэри зыми и мурадхэр мамырыгъэм, зэдзлэжьэныгъэм, социальнэ зыужьыныгъэм хуаунэтI.

Фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ илъэсих хуэдизу япэкIэ, 2008 гъэм, Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Урысей Федерацэм и щIыпIэгъуэнхэм, тхыдэ-щэнхабзэ щIыналъэхэм, музей-заповедникэм и системэ зэтегъуэвэнымкIэ къэрал стратегие» зэхилъхьауэ зэрыщытар. Ауэ ар хабзэ мардэ пыухыкIам яхунэгъэсакъым икIи официальнэу къамыщтэу къэнащ. Стратегием кьыззэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «зэрыщыту къэпщтэмэ, тхыдэ-щэнхабзэ, щIыпIэнэ хъугъуэфIыгъуэхэр дэтхэнэ щIыналъэми и экономикэ кьулеягъэм ящыщщ икIи ахэр цIыхухэм я зэхэщIыкIыр къэзытыныжмкIэ, социальнэ политикэр пхыгъэкIыныжмкIэ, щIыналъэм и экономикэм зегъэужьыныжмкIэ хэкIыпIэ лъэщу увыфынущ». ИкIуэкIэ тэмэм хъунт Урысей Федерацэм и Правительствэм къытригъэззэкрэ а дэфтэрым хэплъатэмэ, нобэрей щытыкIэр кьэлъытауэ зыхуэфащэ зэхъуэныныгъэхэр хилъхьэрэ официальнэу къыщатхэм. ИтIанэ а стратегиер ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныжмкIэ гъэзэуу увынт.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэ.

• Дифl догъэлъапlэ

Зи щIэныгъэр куу, зи бзэр шэрыуэ

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, КъШР-м, КъБР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бэчыжь Лейлэ Iэбубчыр и пхъум и ныбжьыр ноб илъэс 85-рэ ирокъу.

БЭЫЛЪХУГЪЭР кьыщалъхуар Шэрджэс автоном областым хыхьэу щыта Клычевск (иджы ар Хьэбзэ районым щыщ Псэукlэ Iаущ) къуажэрщ. Хьыджэбз лъагэ зэкIужьи сыт щыгъуи и гупсысэ хьэлэмэтхэмкIэ зыхэтыи кьахэщу кьыдэкIуэтеящ. Лейлэ и адэ-анэр, Iэбубэчырэ Хьаджэтрэ, я быным и зэфIэкIым иригушхуэт, уеблэмэ ирипагэт, абы кьыхэкIыуи и щIэныгъэм зэрыжигъэхъуэным егупу зэпытти, ар щIагъэтIысхьат областым щыIэ лъэпкъ интернат-школым. И къуэкIым щыхигъэхъуа а илъэсхэрщ Лейлэ и щIыхь щIыкIэр зэтеувэным сэбэп хуэхъуауэ кьилытэтэр.

Школыр 1950 гъэм екъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ Ленинград къэрал университетым филологиемкIэ и институтым. Ар Бэчыжьым щIэныгъэм и къигъэхъуапIэ хуэхъуащ. Абы нэхъыбэу гулъытэ хуищI хъуащ цIыхубэ Iуэрыlуатэмрэ урыс литературэм и тхыдэмрэ. Ахэращ иужькIэ Лейлэ и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъужар.

Университетыр 1957 гъэм кьиуауи и лъахэ къигъэзэжа нэужь, Бэчыжьыр щылэжьащ Къэрэшей-Шэрджэсым и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым литературэмрэ Iуэрыlуатэмкlэ и къудамэм. Нэхъ иужьыгъэкIэ КъШР-м и лъэпкъхэм я литературэмкIэ и секторым и унафэщI ящIащ.

Щlэныгъэм илъэс 50-м щIигъукIэ хэта Бэчыжь Лейлэ лэжьыгъэ 200-м нэблагъэ къыдигъэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Становление и развитие младописьменных литератур в условиях содружества нации» зи фIэщыгъэр.

НэгъуэщI лэжьыгъэ купщIафIэ куэди абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Я щIэ кьитIэнщ абыхэм: «Черкесская литература» (1964 гъэ), «От богатырского эпоса к роману. Национальные художественные традиции и развитие повествовательных жанров адыгских литератур» (1974 гъэ), «Ответственность слова: литературно-критические статьи разных лет» (1981 гъэ), «Литература в потоке времени. Вторая половина XX века: логика формирования и развития» (2008 гъэ), «Бытия слова: литературно-критические и художественно-публицистические статьи» (2012 гъэ).

Бэчыжь Лейлэ куэдым зэрыхищIыкIым и щыхьэтщ абы и гупсысэ куухэр, гъэщIэгъуэнхэр. Шэрджэс литературэр Iэ3эу зэрызэпкърихыжи деж къыщыыбыIэркъым ар. Къэрэшей Байрамуковэ Хьэлимэт, абаз Чикатуев Макаэль, нэгъуэй Капаев Суюн, Хубиев Уэсмэн (ари къэрэшейщ) сымэ я IэдакъэщIэкIэхэми Кавказ Ищхьэрэм нэгъуэщI я усакIуэхэм, тхакIуэхэм ятеуауи абы кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ мымащIэ иригъэкIуэкI.

Лейлэ мыхьэнэшхуэ ирет цIыхур зыщыщ лъэпкъыр кьэзыгъэлъагъуэ и бзэм. Ар адыгэбзэ ирехъу, урысыбзэу щрети, сыт щыгъуи зи телъхьэр бзэм и кьулеягъыр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэщ. Ар кьегъэуIэбжь телевиденэм кьитIысхьэ языныкъуэхэм псалъэр мыкIымытэу кьиэзрагъэсэбэлым. Апхуэдэуэрэ екIуэкIмэ, псалъэм хуэщIын хуей пщIэмрэ лъагуныгъэмрэ кIуэдыкIуу икIи цIыхухэм я псэм зезыгъэузащI тхылъхэр ящыгъупщэнурэ, зырызыхэуэрэ щэныгъэм и гъуэгум текIынущ. «Духовность» зэдэщыIэжь кьэралыращ, Лейлэ кьиэзрилытэмкIэ, фашизмэр кьыщыунэхур.

Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и XIII зэхуэсым кьыщыщыпсалъэм Бэчыжь Лейлэ кьыхигъэщат: «Шэрджэсыбзэкlэ «псалъэ»-р - ар «псэр зэрыльэ» жиIэу аращ. НтIэ, лъэпкъым и псэр зэрыльэ «псалъэр» кIуэд хъуну? Хьэуэ. Ар кIуэдмэ, лъэпкъри кIуэдащ...». Лейлэ и гугъэр хихыркъым зэгуэр Псалъэм, Литературэм хуэфащэ пщIэ ягъуэтыжыным. Псом хуэмыдэу абы игу ирихьащ Лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэ университетым гъэ кIуам щекIуэкIа зэхьыхьэм кьаралым и Президент Путин Владимир цIыхухэр кьызыхуриджахэр. Абы жиIат: «Сыт хуэдэу дызэщIыхьми, дапхуэдэу гъащIэм деплъми, ди кьарур зы мурадым тедухуэмэ, кьысщохъу Литературэм, Тхылъым, Псалъэм я мыхьэнэр ягъуэтыжыну».

Бэчыжь Лейлэ иропагэ и лэжьыгъэ гъуэгуанэм щытехьагъащIэхэм ар КIыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул, Кулиев Къайсын, Кугультинов Давид, Тихонов Николай, Карим Мустай, Козловский Яков, Айтматов Чингиз, нэгъуэщI тхакIуэ-усакIуэхэми зэрыгушIам, абыхэм ящыщ куэд фIыуэ ицIыхуу зэрыщытам.

Гамзатов Расул Бэчыжьым зэгуэр кьыжриIэгъащ: «Гъатхэ дыгъэм ущигъэхуабэмрэ дунейр щызэщIэгъагъэмрэ я зэманым гъащIэм укъыхьхащ, Лейлэ. Гъатхэмэ дахэр нобэми уи Iэми уи усыгъэхэми кьапокI».

«Лъэпкъым и къэкIуэну дахэм папщIэ Бэчыжь Лейлэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр уасэншащ. Абы и фIыгъэкIэ зы щэрджэс удз гъэгъа цIыкIур лъэпкъыбзу зэхэт Iэрамэ мэхъу», - жиIауэ щытащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Ганичев Валерий.

Псалъэ гуапэ куэд хуэфащэу кьыхужаIащ Лейлэ зыдэлэжьахэми. КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Шишкановэ Антонинэ «К вершине мудрости» зыфIищащ и тхыгъэм кьыщыхигъэщащ: «Бэчыжь Лейлэ дунейм кьыщIыхьтехьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр - ар езы дунейр иригъэфIэкIуэну, сыт хуэдэ Iуэхуми нэхъыфIыр кьыхихуэтэну арауэ кьыпщохьу. Абы и лэжьыгъэр, гупсысэжьр кIэншэщ, зэфIэкI кьызэрымыкIуэ бгъэдэлъщ. Псом хуэмыдэу щIэныгъэмрэ литературэмрэ нэхъ куууэ щIалэгъуалэм кьаригъэщIыхунымкIэ абы куэд ещIэ».

Къэралым пщIэ кьыхуищIащ Бэчыжь Лейлэ и лэжьыгъэм. Абы кьыхуагъэфащащ «Хэкум и пащхьэм щIэ» екъулIэныгъэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Щамил илъэс 200 ирокъу», «Урысейм и гъусэу илъэс 450-рэ» медалхэр.

Бэчыжь Лейлэ дохъуэжу и зэфIэкIым химыгъэщIу иджыри и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ диГъэгуфIэну.

ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр псэуэнпсэкIэ кьызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм фокIадзэм и 24-м №264-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мазаем и 7-м кьыдигъэкIа унафэ №74-рп-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэр (адэкIэ - къэрал программэщ) кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Мусуков А. Тl.) хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэкIэ яГъэззащIэну я мурад программэхэм я спискэм а къэрал программэр хигъэхьну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхалъхьэкIэ а къэрал программэр гъэззащIэным текIуэдэну ахъшэр кьиныытэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыГъэзащIэ МАРЬЯШ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и спискэу къигъэльэгъуам хэту депутатхэм я кандидату ятха Лlуп Резуан Мусэбий и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм накъыгъэм и 14-м Налшык къалэ №75/1-5

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэльэгъуам хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащхам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэльэгъуам хэту депутатхэм я кандидату ятха **Лlуп Резуан Мусэбий и къуэм** (№83) етын.

2. Мы унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Лlуп Резуан Мусэбий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм накъыгъэм и 14-м Налшык къалэ №75/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къигъэльэгъуам хэту депутатхэм я кандидату ятха **Лlуп Резуан Мусэбий и къуэм** етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм накъыгъэм и 14-м кьищта унафэ №75/1-5-м ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Лlуп Резуан Мусэбий и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, апхуэдизу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм щыхахкIэ хэхакlуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи щхьэхуэу хэхакlуэхэм Iэ щыщIрамыгъэдз кандидатхэр, кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэльэгъуэу политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм е къынэмыщI Iэнатlэхэм) я спискэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм накъыгъэм и 20-м Налшык къалэ №76/1-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм зэхъыныгъэхэмкIэ я хуиныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжмкIэ яIэ хуитыныгъэхэм кьызэгъэпэщыжмкIэ щIэныгъэхэмкIэ я хуиныгъэхэмкIэ» 2002 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м кьащта Федералънэ закон №67-ФЗ-м и 35.1-нэ статьям и 3-7-нэ, 10-нэ пунктхэм ямэ ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыхахкIэ хэхакlуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи щхьэхуэу хэхакlуэхэм Iэ щыщIрамыгъэдз кандидатхэм я спискэхэр къызэрыгъэльэгъуэну политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм е къынэмыщI Iэнатlэхэм) я спискэр къэщтэн (гуэдзэн №91).

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм щыхахкIэ хэхакlуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи щхьэхуэу хэхакlуэхэм Iэ щыщIрамыгъэдз кандидатхэр, кандидатхэм я спискэхэр къызэрыгъэльэгъуэну политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм е къынэмыщI Iэнатlэхэм) я спискэр къэщтэн (гуэдзэн №92).

3. Политикэ партхэм я спискэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхэн.

4. Мы унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм къытрегъэдзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Гуэдзэн №1

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм накъыгъэм и 20-м къыдигъэкIа унафэ №76/1-5-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыхахкIэ хэхакlуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи щхьэхуэу хэхакlуэхэм Iэ щыщIрамыгъэдз кандидатхэм я спискэхэр къызэрыгъэльэгъуэну политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм е къынэмыщI Iэнатlэхэм) я спискэм и №№ Политикэ партым зэреджэр

№№	Политикэ партым зэреджэр
1.	«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ парт
2.	«Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ парт
3.	«Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ парт
4.	«Урысейм и «ЯБЛОКО» демократие парт зэгуэт» политикэ парт
5.	«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ парт
6.	«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» урысейпсо политикэ парт

Гуэдзэн №2

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм накъыгъэм и 20-м къыдигъэкIа унафэ №76/1-5-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм щыхахкIэ хэхакlуэхэм даIыгъауэ къалъытэ икIи щхьэхуэу хэхакlуэхэм Iэ щыщIрамыгъэдз кандидатхэр, кандидатхэм я спискэхэр къызэрыгъэльэгъуэ политикэ партхэм (абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм е къынэмыщI Iэнатlэхэм) я спискэ

№№	Политикэ партым зэреджэр	Муниципальнэ щIыналъэм зэреджэр
1.	«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр
2.	«Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр
3.	«Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр
4.	«Урысейм и «ЯБЛОКО» демократие парт зэгуэт» политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр
5.	«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр
6.	«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» урысейпсо политикэ парт	Зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэр

• КъБР-м и прокуратурэм

Къалэн ящызыщI тхылъу 17

Дзэлыкъуэ рацыхьэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и Iуэхущапlэхэм я прокуратурэм: щэм пэщIэтыныжмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр куейм и прокуратурэм къыщыгъащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым муниципалитетым и щIыпIэ администрацэхэм я официальнэ сайтхэр яджащ. КъызэрахутамкIэ, «Коррупцэм пэщIэтыным и Iуэхукlэ» Федералънэ законым и 8-нэ статьям зэрыжиIэм хуэдэу, районымрэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм я муниципальнэ къулыкъущIэхэм я нэгъабэрей хэхъуэхэм теухуа хьыбархэр сайтым кьыщагъэльэгъуакъым.

Къэпщытэныгъэм кьыригъэкIуам ипкъ иткIэ, куейм и прокуратурэм судым иритащ 2013 гъэм муниципальнэ къулыкъущIэхэм яIа хэхъуэхэм, абыхэм ябгъэдэль мылькум, ахэр зыхуэдэм ятеухуа хьыбархэр Интернетым щызэбграгъэхьну щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхущапlэхэм кьалэн ящызыщI тхылъу 17. Къищынэмыщlауэ, апхуэдэ хьыбархэр Интернетым зэрыщызэхуагъакIуэ щIыкIэм и проектыр щIыпIэ унафэр зезыхьэ Iэнатlэхэм хуагъэшащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

УпщIэ щыуэркъым

• Iэщlагъэ

Щlыхум кьыхих Iэщlагъэм куэд елъытащ. Узыпэрыт лэжьыгъэм уигу хэмыхьэмэ, уи пщэрылъхэр бгъэззащIэну гугъущ. Аращ зыгъэхуауэ щытар Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэ щекIуэкIа зэIущIэр.

ЗЭХЫХЬЭР кьыззэрагъэпэщащ мы Iуэхущапlэм мэкъумащ, техникэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм. Ар иригъэкIуэкIащ библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Срыкъуэ Фаридэ. Абы и псалъэхэм кьыхигъэщащ щIалэгъуалэм кьыхах Iэщlагъэр я гум дыхьэмэ, я псэм пэгъунэгъуэмэ, ар я гъащIэм кьыгуэхыпIэ имыIэ зэрыхъунур, абы зэрызригъэужьынур: Фаридэ ныбжьыщIэхэм яжриIащ зыхуэдэжнур егупсысауэ кьыхахын зэрыхуейр.

Налшык къалэм щыпсэухэр Iэнатlэкlэ кьызэзыгъэпэщ Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ АфIэунэ Аринэ жиIащ щIалэгъуалэр республикэр нэхъ зыхуэныкъуэ Iэщlагъэхэр зыхуэдэр зэхэгъэкIрэ абы хуеджэмэ, лэжьапlэншэ зэрымыхъунур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и сатутехнологие колледжым и егъэджакIуэхэу Уэртэн Люсенэрэ Уэдыжь Маринэрэ тепсэлъыхьащ я еджапlэм кьыщIахьыфыну Iэщlагъэхэр зыхуэдэм. Абыхэм зэIущIэм кьызадаша я студентхэу Лыджыдэ Кристинэ, Гугъуэт Томэ, Дюдинэ Валерие сымэ кьытеувыIащ я еджапlэм кьафэм, уэрэд жыIэным, пшынэ еуэным щыхуагъасэ гупжьейкэр зэрыщыIэм, кьахуэщхьэпэну щIэныгъэ зэрыщызрагъэгъуэтам, абы иджыри пащэну зэрамурадым.

Колледжым и студент кьэфакIуэхэу, уэрэджыIакIуэхэу Хьыдзэдж Аринэ, Къумыкъу Ренатэ, Алэкъейхэ Заретэ, Заринэ, Дианэ, КIарэ Артур, нэгъуэщIхэми зэхьыхьэм кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ.

«Дэтхэнэ Iэщlагъэри псом ящхьэщ» зыфIаща тхылъ гъэлъэгъуэныгъэри зэхьыхьэм хуагъэхьэзырат. Абы хагъэхьат зытепсэлъыхьыну Iэхум екъэлIа тхылъ гъэщIэгъуэнхэр, видеонэтынхэр.

Зэхьыхьэм хэтащ Налшык къалэм и школ №2, №5, №9-хэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

Тхыгъэри сурэтри
БЕЗЫР Ленэ *ейщ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Школ

Зыбжанэрэ икІи щыхуейм и деж

Школхэр къэзыухахэр хуит ящІынущ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) зыбжанэрэ икІи щыхуей дыдэм и деж ятыну. Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ кІэлъыплъныныгъэм щІэгъэтынымкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапіэм апхуэдэ щЫыкІэкІэ ягъэгуфІэну я мурадущ щІалэхэмрэ хъыджэбэхэмрэ. Сыт ар зыхуэгъэзар? Гъэунэхуныгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ къызэІуах мы Іуэхум егъэщІылІауэ илъэс псокІэ лэжьэну центхэр. Школакіуэхэм тхылъ ят экзаменыр езым къыщІэзгъ зэманым Іахыну лъэдыгу. Загъэхъэзырри, макІуэ. Махуэ зыбжанэ дэкІа иужь, къещІэ кІихьа балл бжыгъэр зыхуэдизыр. Арэзымэ, сертификат ират, мыарэзымэ, етІуанэу экзаменыр етыж. Я щІэныгъэр здынэсыр я нэхъ мащІэрамэ, щэнейрэ ягъэунэхуну Іэмал яІэнущ.

- ДЭ апхуэдэ ящІ центр Сыктывкар къалэм къыщыдэзэІутхащ, чэзум щытщ нэгъущІ къалэхэм, - жиІащ Урысейм ЕгъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм кІэлъыплъныныкІэ и Іуэхущіапіэм и унафэщІ Кравцов Сергей.

Хабзэщіэхэм къару ягъуэтыну къыщІэкІынущ 2016 гъэм. ЗэкІэ экзаменхэр къыІах жым тету.

Кулыкъущіэхэм ЕГЭ-р «зэрызыпашыр» сэбэп яхуэхъунущ школыр къэзыух псоми. Псалъэм и хьэтыркІэ, урысыбзэр класси 9 нэужым щрагъэджэжыркъым, ауэ абыкІэ экзамен щатыр илъэситі дэкІа иужькІэщ. Зыгуэрхэр а зэманым хуеинущ зрамыгъэщІахэр зрагъэщІэжын папщІэ, ауэ адрейхэм я деж-

Урысейм и гупэр Мазэм хуигъэзащ. Иджы пІалъэ кІыхькІэ щыІэну абы щІыхуэхэр гъэкІуэныр ди къэралым хъэршым егъэщІылІауэ зэфІигъэкІыну и мурад Іуэху нэхъыщхьыщым ящыщ зы хъуащ.

УРЫСЕЙХЭР зэпымыууэ Мазэм тесыну жаІэ. АтІэ ар нэхъыфІкъэ ульатэ укъэлъэтэжу зэманыр бгрыкІуэ нэхъыр?!

Сыт а гупсысэм еджагъэшхуэзкэмрэ конструкторхэмрэ дезыгъэхьэхар? Псом япэу абы зыщыбгъасэ зэрыхъунурщ. Цыхур Марсым лъэтэн зэрыхуейм зыми шэч кьытрихьэрэкъым. Ауэ а мурадир пІалъэ кІыхьым тещІыхьащ. Мазэр гъунэгъущ икІи ар щІэгъэкъуэн хъуфынущ Марсым хуэгъэза кьалэнри зэфІагъэкІын папщІэ.

Абы щыгъуэми, ІэщіагъэлІхэм жаІэ иджы Мазэр нэгъуэщІу, ар зэгуэр американхэр зытетІысхьауэ щыгъэм емыщхьыжу. Сыт щыгъуи кьалъытэу щытащ абы псы щымыІэу. ЩыІэу къыщІэкІащ, мылу зэтежьыхьауэ. ИкІи мащІэкъым. А мылыр кислородрэ водороду зэхэгъэкІамэ, ракетэхэм гъэсынпхъэ яхуэхъунущ. Фльагъурэ къыкъуэкІ Іэмалхэр зыхуэдизыр?

Мазэр кьагъэсэбэп хъунущ кьэрал зэхуаку космос станцу. Мыбы щІэныгъэ Іэмэпсымэхэр, радарэр щагъэувмэ, МКС-м щыпхузэфІэмыгъэкІыфынну кьэхутэныгъэхэр щебгъэкІуэкІ хъунущ. Мазэм тет телескопхэр нэхъ нэ жанщ!

ЩЫм зэригъэнэгъури, дауи, щІэгъэкъуэнышхуэщ. Мазэм нэс дэлъыр махуищ гъуэгуанэщ. Зыгуэр кьащыгъупщамэ, КІэлъхьыж хъунущ.

Роскосмосым и Іэтащхьэ Остапенко Олег и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, мы зэманым іогупсыс зэпымыууэ лажьэ базэхэр Мазэм кьащыІэуахыным. ЦІыхухэр пІалъэ кІыхькІэ нэхъ тыншыр зэуэ экзаменхэр яту Іуэхур зыщІэхэщахынырщ. ЕГЭ-м къриІуэхэм илъэси 4-кІэ къару яІэщ. Абы къыдэкІуэу къэкІуэну гъэм щыщІэдзауэ школым щрагъэтхыу щІадзэнущ къыздэрыщІагъэкІ сочиненэхэр. Ар щрагъэтхынмрэ урысыбзэмкІэ ЕГЭ-р щрагъэтынмрэ зэманкІэ зэблагъэкІ хъунущ.

Къытебгъэзэжурэ, экзаменыр пты зэрыхъуным ныбжьыщІэр щтэІэщтабло щытыкІэм кьреш. Пэжщ, ЕГЭ «зэкІэщІэхам» къриІуэнкІэ хъунущ хьэрэмыгъэ зэрахьэнщ, кІэлъыплъныныгъэ къэтІэсхьэныр. Ауэ кулыкъущІэхэм жаІэ экзаменхэр щыІах Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм апхуэдэ хуэмыгъэхъуну. Зыгуэр кьащыгъупщамэ, зыдыхуишэнур мыгувэу кьэтщІэнущ: 2016 гъэмебгъуанэ классым щеджэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ ялъагъунущ абы къриІуэр.

Нэхъ тыншым къыщыщІэдзи...

Зы хьилагъэ щыІэщ экзаменым къыщыпхъыну балл бжьыгъэм процент 30 хуэдизкІэ хигъахъуэу. Ар кьыззэрыгуэкІхэм псыдэзкІэ: япэщІыкІэ есэпі нэхъ тыншхэр щІыжьын хуейуэ аращ. Щэч зыхэмылъ жэуапхэр птха иужь, нэхъ гугуэхэм ухуэкІуэ хъунущ. ИтІанэ, нэхъ гугуэ дыдэхэм.

Сыт щхьэкІэ? Есэп кьызэрыгуэкІхэм щІыхуэр зэщІагъапІэ. Абы къыдэкІуэри япэ баллхэр ьхьэх. Иужькіэ есэп гугуэхэми нэхъ полъэщ - экзамен зытыр гуэвжьыркъым - абы баллхэр кьихьагъэхэщ.

ДУЭЛЬ Алексей.
«Российская газета»

● Хьэрш

Мазэр я плъапІэщ

Мазэм щыІэнымкІэ Іэмалхэр кьызэгъэпэщынырщ я мурадыр зыхуэгъэзар.

Абы къыдэкІуэуи ІэщІагъэлІхэм щІауэфэрхьым: «Луна-24» совет станцым Мазэм ящІыхьэха 1976 гъэ лъандэрэ зыхуэныкъуэжащ. Щабэу зэрытетІысхьэфыр хъарзынэщ, ауэ мы Іуэхум щІэрыщІэу бгъэдыхьэн хуейщ.

ИкІи, дауи, политикэ мурадхэм тумыщІыхьу мы Іэнатіэм екъуІэнныгъэ кІыщІыхьыну ухущІэкъуэщ. Мазэр кьэгъэкІуэныгъэ лъэхъэнищкІэ зэпыудауэ щытын хуейщ.

Япэ лъэхъэнэр 2016-2025 гъэхэм ятещІыхьащ: «Луна-25», «Луна-26», «Луна-27», «Луна-28» планетэ зэхуаку станцхэр яутІыпщынущ. Абыхэм я зубзыхунущ Мазэм и Ипщэ полюсым и гъунэгъуу базэ щаухуэну щІыпІэр.

ЕтІуанэ лъэхъэнэм хеубыдэ 2028-2030 гъэхэр. А зэманым Мазэр кьалъэтыхьынущ щІыхуэхэм зэрагъакІуэ станцхэм, ауэ ахэр абы тетІысхьэнукъым.

2030-2040 гъэхэр ещанэ лъэхъэнэщ. А илъэсхэм космонавтхэм Мазэм псэуалъэхэр щаухуэнущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, астроном обсерваторэ.

2019 гъэм яутІыпщыну я мурад зондыр щытІыс щІыпІэр Мазэм щаухуэну урысей базэм и хэщІапІэу хъунри хэлъщ. «Дэ Ипщэ полюсыр къыщІыхэтхэ иужькІи хьэршым егъэщІылІа кьэхутэныгъэхэр кьаруушхуэкІэ едгъэкІуэкІыну Іэмал диІэн папщІэщ», - жаІэ ІэщіагъэлІхэм. Ипщэ полюсым уиплъыкІкІэ, уолъагъу Гаалактикэм и кур-Стрелец ваГъуэбэр.

ЖаІэж Мазэм щаухуэну базэм и япэ проектыр хуабжьу куууэ егупсысауэ совет конструкторхэм 1964-1974 гъэхэм. Ягъэхьэзырауэ щытауэ. ЦІыху зэрыс станцхэм зыззэпащІэнут мафІэгум хуэдэу. Ахэр ирилэжьэнут ядернэ реакторым къит электрокъарум. Гуп-гупурэ (дэтхэнэри цІыху 12 хьууэ) Мазэм чэзуэ илъэс ныкъуэкІэ щылэжьэнут. Мазэм щаухуэну кьалэ цІыкІум ЦІыхухэм щыпсэун щІадзэнут 80 гъэхэм и кІэхэм.

Американ проектхэм ящІщ зым базэр мыпхуэдэу кьыщыгъэлъэгъуат: цилиндр тепльэ зиІэ контейнерхэр (метри 3-и бгъуагъыу, метри 6 и кІыхьагъыу) кІэнауэ ятІам иралъхьэ. ИтІанэ абыхэм мывэ тракІутэнущ метеоритхэр кьатемыльэмэн папщІэ.

Иджырей инженерхэмрэ конструкторхэмрэ мазэ базэхэр сыт хуэдэу щытын хуейуэ кьалъытэрэ? Зэманым кьитэлъэгъуэнущ. Куэдым жаІэ ухуэныгъэм ирахьалІэну пкъыгъуэхэу езы Мазэм и мывэхэр кьагъэсэбэп хъуну. Ауэ абы утепсэлъыхьыну иджыри пасэщ. Мы зэманым конструкторхэм кьалэн нэхъыщхьэу кьапэщІытыр хьэлъэ дыдэ зыхьыфыну ракетэ инхэр яхуэхъунырщ. Ахэр уимыІэмэ, Мазэри Маэри кьыпхуэгъэІурыщІэнукъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, Мазэм папщІэ хьэлъэу тонн 80 зыІэтыфыну ракетэ ухуейщ. Урысейм кьинэмыщІауэ, мы Іуэхум йолэжь США-ри, Китайри, Индиери, Европри.

ЯМЧЕННИКОВЭ Наталье.
«Российская газета»

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Джэдум и фІыгъэкІэ

КъэІэла хьэр сабийм зэрытеуам теухуа хъыбарыр Интернетым псынщІэу щызэпІэщыхьащ. Іуэхур къыщыхъуэр США-м и Бейкерсфилд кьалэ цІыкІурщ. ИлъэсиплІ зи ныбжь щІалэ цІыкІум джэгуу къижьыхьыр. Абдеж сабийм хьэшхуэ жьэхэпъэщ, и лъакъуэр иубыдри, ясфальтым кьыщІрилъэфэкІыу щІидзащ. Ар Іейкіэ иухыну кьыщІэкІынт, и унагъуэ джэду Тарэ мывэуамэ. Ар щІалэ цІыкІум къыщхьэщыжу жьэм ебгъэрыкІуащ. ЩІалэ цІыкІуэм къыІущІигъэкІащ! И кІэр щІиупщІэри, хьэр Іужьыжащ. Езы Тарэ сабийм и деж игъэзэжащ. Абы ирихьэлІэу къэсащ щІалэ цІыкІум и анэри.

Сабийм и лъакъуэм хьэ дзэкъалІэ зыбжанэ иІэт. Ар сымаджэщым яшэн хуей хъуащ.

Джэду «лІыхъужьым» и цІэр жьыжьэ Іуащ, иджы абы гъэш пэрыхьэту ягъуэт. АрщхьэкІэ псэ зэпыпхъэпІэ зыпыпх шыгнагъуэм щыхьыхьар, дауи, шэ кРатын папщІэкъым. АтІэ сыт?

- Дэ мыбдеж щхьэусыгъуитІ щыдолъагъу, - къыдгуригъэІуащ зоопсихолог Кривошапчук Наталье. - Зы лъэныкъуэкІэ, джэдухэр сабийхэм яхуосакъ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъэплъмэ, абы езым зехьэмэжри, захъуэмэжыпи папщІэ щІопхъуэж. Джэдур зэран хьэ и бийм щытеуи щыІэщ, ар Іуихужьын мурадкІэ.

ЖьытІэнщи, хьэр аракъым джэдум и бий нэхъ еру дыдэр. Къэхъуащ ар гуэл Іуфэм кьыІупщхьа благъуэм щебгъэрыкІуаи.

ХОМЯКОВ Алексей, БОБРОВЭ Иринэ.
«Комсомольская правда»

● Медицинэ

Псоми яхуэщхьэпэщ

КРАСНОДАР краймрэ щыІэ Ильич кьуажэм дохутыр щыхэжьэну Іуэхущіапіэщ Іэ къыщызэІуахащ. А жьлагъуэр щыІналъэм и Тамань хьтІыгу ныкъуэм и гъунэ дыдэм щыІэщ. Дохутыр зрагъэпэлъын папщІэ абы щыпсэуэкІ нэхъапэм райцентрым е езы Краснодар кІуэн хуей хъурт. Амбулаторэ нэхъ пэгъунэгъу дыдэр километр 15-кІэ пэжьжьэт.

Иджы 1969 гъэм яухуауэ щыта уиэжьым и пІэ кьыувващ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и машинэри зыщІэтынур зыхэт уиэ екІу. КІэлындорыр Іэхуитльэхуитщ, Іуэхущіапіэм хэтщ сымаджэхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щІэпэсхэр.

АКСЕНОВЭ Иринэ,
Темырыкъуэ районы, «Российская газета»

● ЕсэнтІыгу

Къэуат щІэлъу икІи пуду

МЫ ІУЭХУР зигу кьэкІар иджыри ягъэбелджылакъым. Сыт хуэдэу щытами, Кавминводхэм щыпсэухэмрэ ихуеблэгъа хьэщІэхэмрэ накьыгъэм и 31-м а кьалэм и гуэлым и деж Іэнэшхуэ щыхуагъэувынущ. Зэхьыхэр пщэдджажьыр сыхьэт 11-м кьыщыщІэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэти 10-м нэскІэ екІуэкІынущ. Абы кІуэ хъунущ зэрыуагъэуэ, е сабийхэр я гъуэгу гупышхуэу. НыбжьыщІэхэм я нэгу зрагъэужьыныщ, ауэ я нэхъапэ ирагъэщынур псоми гурыхь ящьхъуну ерыскъы ягъэхьэзырыныщ. Абыкіэ зэпеэунущ щынатІэм и щІапІэ нэхъ Іэзэхэр.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Іэнэхэм кьытрагъэувэну ерыскъыр щуду щытынущ. Абы щыгъуэми, гуэлым и Іуфэм щІэнпшэу автобускІэ яшэнущ Минводхэм, Нартсанэ, Псыхуабэ икІэхэр.

«Комсомольская правда».

● Ар зэрыщытар

ЯбзыщІмэ нэхъ къащтэрт

Волгоград щыпсэухэм я нэпсхэр къыщІэжу жаІэ мы тхылъ цІыкІум щеджэкІэ. Абы щызэхъэзащ Сталинград и деж къыщащхъуреихьауэ щыта биидзэм и зауэлІхэм я письмохэр. Напэтехьу къальытами, ахэр нэмыцэхэм яхъумэ, арщхьэкІэ, ди япэ итахэм зэрахьа лІыхъужьыгъэм щыхьэт текъуэрыхьыхьыркъым.

А Іуэхум теухуауэ зыхуэдгъэзащ тхылъыр зэхэзыльхьа, Волгоград университетым и профессор, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор ВАШКАУ Нинэ.

- Письмохэр илъэс 70 и пэкІэ ятхащ. АтІэ абы пъандэрэ щхьэ къыдэмыкІарэ мы тхылІыр?

- 1982 гъэм Германием къыщыдэкІат КъуэкІыпІэ фронтым иратхыкІа письмохэр щызэхуэхьэса тхылъ. Ауэ абы щІэупщІэщхэу игъэтэжащ. Зауэм щыІэ нэмыцэхэр хуейтэкъым блэкІам тепсэлъыхьыну. АрщхьэкІэ балигъ хъуа нэужь, я бынхэр щІэупщІащ: «Си адэ, сыт уэ зауэм щыпщІар?» Жэуап езытэжри щыІэт. Ауэ апхуэдэжым мащІэт. Нэхъыбэрэ а письмохэр хэІуцІыІу щыкъуэр сэлэтхэкъэ офицерхэр. Зауэм щыІэ нэужькІэ я бынхэм къагъэтэжыкъыт пкІэунэхэм я нэгъуэщІ щыпІэхэм щагъэпщкІуа письмохэр. ИтІанэт къыщащІэр я адэхэм, адэшхуэхэм зэрахьа «ЛІыгъэр» зыхуэздэр.

Ди деж зэмыщІэзэгъэхьэ письмохэр 1944 гъэм къыщыдгъэкІауэ щытащ: политлъэкъаІуэхэр абыхэм зауэлІхэм кьахуеджэкІт, ягъэгушхуэн папщІэ.

ЩІегъуэжьыркъым

«Пщэдей аргуэру зауэм дыІухьэнущ... Сыщогуэ ар ди иужьрей ебгъэрыкІуэныгъэу щыту икІи кьалэр къэтщтэну. Ауэ бийр гуащІэу къытпэщІэтщ, ерыщщ».

1942 гъэм жэпуэгуэм и 10-м оберлейтенант Клейн-Визенберг езым и анэшхуэ баронессэ Блейлебен Г. хуитха письмом щыщщ.

- А письмохэм сыт къыбжаІэфынур, зэрахьа, къэкІэкъуэкІагъэхэм, зэхэуэхэм я гугъу ямыщІмэ, Я Іыхьлыхэм ахэр хуаІуэтэнт?

- Украинэмрэ Белоруссиемрэ кьащыкІуэцІрыкІым нэмыцэ сэлэтхэм ятх письмохэр псалъэ тарэфарэхэмкІэ гъэнщІат: я ныбэ изу шхэрт, хуэпат, хамэщІхэр тыншу яубыдырт. Кьаухъуреихьахэм я письмохэр нэгъуэщІ. Дэтхэнэми хьібольагъэ зэрыгужьеяр, ноби щІакхъуэ грамму кьалъысат зыхуэдизыр, я Іыхьлыхэм йолъэІуМармеладрэ дэпэнрэ кьыхурагъэхьыну. Зы письмоми иткъым «ГугъащІэ Гитлер!» псалъэхэр. Я фэм дакІыр я Іыхьлыхэм хуаІуатэ. АрщхьэкІэ ящІам хущІегъуэжауи хэпльагъуэркъым! Куэдыр щІоупщІэ: «Сыт дэ мыбы дыкъыщІэкІуар? Сыт зыщІэдгъалІэр сыкъызэрагъэгугъа щыІэ акри І00-р ящІамытынумэ?» ГъэщІэгъуэнкъэ: «Сыт щІэзгъэкІар? Сыт щІэзгъэсар?» - жиІэу зыри щІегъуэжьыркъым.

«...Псом нэхърэ нэхъыкІэр цІэхэрщ. Си фэр мыгувэу сльагъужьныкъым, шыну хэзбырыбащи. Дагъэшхи щыІэкъым. Пщэдджжьыжьмрэ пщыхьэщхьэмрэ бутерброд кьыдат, шэджагъуэм хьэнтхъупсыи и пІэкІэ, псы драгъафэ. Си ныбэр къэкъуалъэ, щІэхэр кьэзыдзакъэ, си лъакъуэхэр щІыІэм иубыдащ. Сэ псэ схэтыж хуэдэкъым».

Ефрейтор Ян. Р. езым и кьэшэн хьыджэбзым хуитха письмо (1942 гъэм дыгъэгъазэм и 27).

- «АиФ»-м и лэжьакІуэ Зотов Георгий фашист Іэтащхьэхэу Борманрэ Гессрэ Сталинград и деж щекІуэкІа зауэшхуэм хэтахэм я къуэхэм Германием щахуэзащ. Абыхэм ящІэж мы зауэшхуэр икІи къэхъуар къызэралъытэр лъэпкъ насыпыншагъэ къудейуэщ; ягу къагъэкІыжыну хуейкъым я адэхэр щІыху зэтраукІэн папщІэ ди деж къызэрыкІуар.

- ФРГ-м и президентым и цІэкІэ нэмыцэ школакІуэхэм я зэпеуэ ирагъэкІуэкІ, ильэс 30-м щІигъуэуэ. НыбжьыщІэхэм ядж езыхэм я щІыналъэм лъэпкъ зэхэтыкъуэ къыздэкІуа. Ауэ ар унагъэм и щхьэусыгъуэ щІэблэхэм яжьыжьыкъа щІыкІэ къыздэкІуа. Щэлбэхэм упщІэ хуэд яІащ нэхъыжь дыдэхэм яхуэгъэзауэ: «Уэ пщІэрэт уи гъунэгъуу нэмыцэлІыу (концлагерь) зэрыщыІэр? ЯуклА уи гъунэгъуа жуят унагъуэхэм ятеухуауэ зыгуэр?» Сабийкэр кьоджж блэкІа тхыдэ гъэкІуэн теухуауэ зэхуэхьэсэкъым. Сыт щхьэкІэ? ЩІалэгъуалэм ящІэн хуейщ блэкІар зыхуэдар. АрщхьэкІэ зауэм хэтахэм е абыхэм я бынхэм я дежкІэ хуабжьу гугъущ мыр жаІэу заумысыжьну: «Си адэр лІыукІщ», «Си адэм ІэщізкІуэдащ куэд».

- Зы нобэ сльэгъащ щтапІэ ихьэжа щІыху куэд. Сабийхэр, щІыхубэхэр, ди адэшхуэм и ныбжьым итыну лІыжьхэр уэрамхэм тельщ, ящІыгъ щІыкъым, щІыІэм кьыхэнащ. Сэ тхьэмыщІкІагъэ куэд мы зауэм щыслъэгъуащ, ауэ Сталинград псоми ящхьэдэжьжащ».

Унтер-офицер Г. Д. (1942 гъэм щэкІуэгъуэм и 6).

- Тхыдэм дежкІэ тхылъыр щхьэпэщ. Ауэ сыт ар урысей къызэрыгуэкІым зэрищынур?

- ТхылъыР къыдэкІа иужь си деж къэпсальэу щІадзащ нэхъапэм зэи си нэІуасэу щымыта щІыхуэр. Абыхэм къызжаІэрт а письмохэм ди щІалэгъуалэр щыгъуазэ щыІэн хуейуэ: ди лІыгъэмрэ бийм ди кьаурыр зыхуэдизыр зэригугъамрэ зэпалъытын щхьэкІэ. Лъэщ дыдэу щытами, дэ бийм дытекІуащ.

Езыхэр зэрыхуейм хуэдэу

«Мыбы щекІуэкІэр кьептхэкІыфынукъым. Сталинград щозауэ щхьэрэ Іэрэ зиІэ псори - цІыхухъуэхэри цІыхубзэхэри».

Ефрейтор Гелльманн О. езым и кьэшэным хуитха письмо (1942 гъэм щэкІуэгъуэм и 11).

- Амстердам щыІэщ Франк Аннэ и музей. Абы ущІыхьэн папщІэ чэзум къэдрэ уэхтын хуейщ. ИлъэситІым нэскІэ кьалэ кІуэщІым фашистхэм защыбгъэпщкІуа журт унагъуэм щыщ хъыджэбз цІыкІум и къекІуэкІыкІар дунейм и бзэм псомкІи кьаІуэтэж. Абы щыгъуэми, Ленинград щыщ сабийхэм ятхагъэр, уеблэмэ ящІэрагъэдзэркъым. Сыт ди дзэкІар апхуэдизу къыщыІутфІэмыІуэхур?

Гулъытэ хуэныкъуэщ

- Сэ си студентхэм сеупщІащ: фэ фщІэрэ фынэсызатехьуклар? Жэуап къызатакьыкІам. СеупщІащ: ельэдагъкІуэхэми: тІу къудейщ и лъэпкъ жыг зиІэу къыщІэкІар. Унагъуэм и къекІуэкІыкІар я бынхэм ирагъэщІэну хуейтэкъым. Абы шынагъуэ пылът. Сэ урысей нэмыщІэхэм я тхыдэр содж. Абыхэм ящІащ зыщІ си адэрм. Ауэ ди унагъуэм и къекІуэкІыкІам теухуауэ зыгуэр къыжиІа? КъызжиІакьым зы псалъи!

«Кёльн-Волгоград» жылагъуэ зэгухэныгъэ щыІэщ. Абы хэт нэмыцэхэм зэгуэр Волгоград къарагъэшащ нэгъуджэ екІуэкІр. ЛІыжь-фызыжьхэм я нэгъуджэ нэкъуэкъутахэр, я Іапэхэ зэпхахэр зэІуахьауэ, я нэм хуэкІуар зыІуалъхьэрт. Сэ сыуКІытэрт. Ди деж къэдрэ къыщохьу Накьыгъэм и 9 къэс щІыпІэ властхэр зауэм хэтахэм аркъэ птулькІэщІ зыкъуэпсэ. Хущхъуэ ефта?! И лъыр зэрызекІуэр къызэрипщІну Іэмэпсымэ тыгъэ хуэфщІа - ар езым и къаркІэ зэи кьыкъущхунукъым. ЯкуэфщІэр мащІэми, гулъытэншэу къэвмыгъанэ.

«Германием лІыхъужьыгъэ зыхуэжаІэр лІы укІыпІащ. Сталинград сэ урысхэм нэхърэ нэмыцэ хьэдэу нэхъыбэ щыщхьэг

Чым Нэуал и унагъуэм хэкур зрегъэгъуэтыж

Чым (Уэтейхэ япхъу) Нэуал къыдэрыцIыхурэ зы илъэсым нэблэгъащ. ЦIыхубз зэпIэзэрыт, нанэ Iущабэ, цIыху лъагъуегъуэфIэ, гушыIэ дахэ зыхъл, губзыгъэу сыт хуэдэ Iэхуми бгъэдыхьэф... Псалъэ дахэ куэдкIэ и гугъу пхуэщIыфынущ Нэуал.

- Сэ ПАСЭУ унагъуэ сихьат. Илъэс 18 си ныбжьу, сабий цIынэ сIэщIэлъу, 1967 гъэм журт-хьэрыпI зауэр зэхъеящ, икIи дыщыпсэуа Къунейтlрэ дыкърахури, си анэшхуэри ди гъусэу, Щам дыдэтIысхьащ. Сызэрысабийрэ зэхэсхырт хэку гъыбзэр. Ди нэхъыжьхэм а гъыбзэр жаIэу я гъащIэр яхьащ. Апхуэдэу, Хэкум ди гур къалпъэу дыкъэхъуащ. А щIыпIэм дызэрыщIымыщыр, дызэрыхамэр, дызэрыхэхэсыр тщIэуэ дыкъекIуэкIащ. «Ди сабийхэр кьыдэкIуэтемэ, дыкIуэжынщ», - жыпIэурэ, зы Iуэхугъуэм адрейр къытехъуэурэ, кьыдэжьIэртэжьым. Щалэхэр зэкIэлъхьэжьу армэм ираджэрт, еджапIэ щIэтIысхьам кьиухыным дыпэплъэрт. А псом даIэжьэурэ екIуэкIащ, - игу кьегъэкIыж Нэуал.

Чымхэ я унагъуэшхуэм я плъапIэу щыт хэкужьым кьыззрагъэззэжьи Iэмал кьалъыхъуэурэ, 90 гъэхэм а Iуэхугъуэм лъагъуэ хуэдизу щыхуежьэм, Нэуал ипхъу Нанси и унагъуэм дэщыгъуу, Налшык къэIэпхъуэжат, ауэ я тхылъхэм мыхъун гуэрхэр кьыхэкIри, мазищ нэхъ дэмыкIыу Щам ягъззэжащ. Абы и ужькIэ я щIалэ Янал къэкIуэжри Тэрч щыщ пщащэ дахэ щхьэгъусэ хуэхъуауэ, сабиитIи зэдапIу унагъуэ дахэу мэпсэу.

Нэуал и пщыкъуэр сымаджэт, ар кьагъанэу кьэкIуэжьын Iуэху зэрахъуэфынутэкъым. Сымаджэр уэм кьы-Iэщ Iэмыкlыу дунейм ехьжа нэужь, махуэ плIыщI кьурIэнаджэр зэращIу, гъэзгу кьытеувэну мурад ящIат, ауэ Чымхэ я унагъуэм иджыри зы гуауэ кьихъуащ: кьурIэнаджэ пщэдджьжьым Нэуал и щхьэгъусэ Хьэсэн жэназы кIуауэ мэжджытым кьыщытехуэри, и псэр хэкIащ. Зи хэкужь и псэр кьихьжьыну щIэхъуэпса Iым кьэхъулIакъым, и ахърэтыр Тхьэм нэху ищI.

Нэуал и адэшхуэм жиIэжу щыта хьыбарыр Iупщ Iу ещIэж, икIи и гуапэу кьеIуэтэж:

- Си адэшхуэм кьуэшитIрэ зы шыпхъуэрэ иIэти, я анэр я гъусэу хэкур ябгьнащ. Зэхъуэшищым я зыхэзым кьиГъэззжауэ жаIэ. Зыр Сирием кIуащ, адрейр Тыркум кьыщынащ. Я шыпхъур Тырку сулътIан гуэр кьыльыхъури ираташ. Си адэшхуэм и анэр Уэтейхэ исащ, и щхьэгъусэр дунейм ехьжа нэужь, сабиилIыр иIэу Чымхэ дэкIуэжащ. Адэшхуэ Гъумар иджыри зы кьуэш кьыхуалъхужат Чымхэ ейуэ, Бэчыр фIащат. Бэчыр и адИ и адэ хъуэшхэри Тыркым кьинащ. Абы и адэр дунейм ехьжа нэужь, си адэшхуэр Сирием кьэкIуэжащ, и анэри и шыпхъури кьиГанэри. Бэчыр и анэр дунейм щехьжым ари Сирием кьэкIуащ, абы щыпсэу Чымхэр кьызытехъуэкIыжари иращ. ЧымхэкIэ ди унэ-къуэщхэр Тыркым щопсэу. Си щхьэгъусэр абы кIуат и Iыхьлыкэр кьиГуэтыжыну, икIи и адэшхуэр Бэчыр и адэ кьуэшу кьыщIэкIащ. Си адэр илъэс 83-рэ и ныбжьу дунейм щехьжьынум кьыджиат: «Сэ сымыгъей, фи быным я быныжхэр слъэгъуащ».

Чым Нэуал и анэмкIэ и адэшхуэр Щоджэн Ахьмэд ефэндышхуэращ. Джолан лъагапIэхэм щыIэ адыгэ кьуажэм щыщыхъуащ ар. Египетым щеджа нэужь, а къэралыгъуэм муслъымэн еджапIэшхуэ щыIам егъэджакIуэу щылэжьащ, иужькIэ Кфар-Камэ и унагъуэри дэщыгъуу кIуэри, абы дин еджапIэ кьыщызIуихащ. Нэуал и анэ Хьерие ираш кьыщыхъуар. Абы зы шыпхъу закъуэ иIэт, Наджие и цIэу. Ар цIыхубз щIалэу кIуэдри ягъуэтыжакъым, и щхьэгъусэ хъуам и пэжыпIэр зыми ищIэркъым.

- «Хъуэдж плъыжьыр», - жаIэрт си адэшхуэм щхьэкIэ, и щхьэщыр зэрыплъыжьым кьыхэкIыу, - кьэпещэ адэкIэ Нэуал и хъыбарым. - Ахьмэд ефэндыр дунейм ехьжа нэужь, си анэшхуэмрэ си анэмрэ Джолан ягъззэжащ, абы я унэкъуэщхэр щыпсэуурти.

Адыгэлl Iущ, ефэнды цIэрыIуэ Щоджэн Ахьмэд и музей Кфар-Камэ дэтым нобэми и бжэхэр зэIухащ. Хэхэс адыгэхэм я Iэмэпсымэ, фащэ, унэпльащIэ зэрахьахэм щыщхэр, езы ефэндышхуэм и хьэпшыпхэм щыщ щыIэхуахьэсьжащ абы. Нэуалри и бынхэми Iэмал ягъуэтакъым я адэшхуэм и кьэащхьэр зэдэщIэ щIыпIэм кIуэну, а музейм щIэплъэну.

Къызэрыхэзгъэщащи, Чым Нэуал пасэу унагъуэ ихьат. Унэгъащэм зэрихабззэу, сабийхэр игъасэрт, унэр зэрихьэрт. И щхьэгъусэр шофер, щIыпIэ жьыжьэхэр кьыззхикIуэхьырти, махуитIкIэ, мазэкIэ, нэхъыбэжкIэ кьыщыт щыIэт. Щалитхурэ (Джантий, Назир, Янал, Билал, Данил сымэ) хьыджэбзитIрэ (Динэрэ Нансирэ) зэдапIыри, псоми гъэсэныгъэ дахэрэ Iэщ Iагъэ щхьэхуэрэ ирагъэгъуэтащ.

- Я адэр мащIэу фIэкIа ямыIъагъуми, зыгуэркIа кьыззмыдаIуэу «фи адэм фыжесIэжьнущ», - жысIа-мэ, абы фIэлъыкIэрт, нэмыс щхьэхуэ хуащIырт, - жеIэ Нэуал. - Щыуагъэ гуэр яIэщIэщIамкIэ, адрей лъэпкъхэм кьытхужаIэным дригъавэрт, «адыгэхъэ ар», - жаIэу ягъэщIэгъэунути.

Нэуал Iэщ Iагъэ дахэ иIэщ: Iуданэрэ мастэкIэ хьэпшып зэмыпIэужьыгъуэ хьэплэмэтгъэщIыф: сабий Iэмэпсымэ, цIыхубз щыгъын, жьауэ, Iэлъэ, нэгъущIхэри. А Iэщ Iагъэм зэрыдихьэха щыкIэмкIэ сыщеупщIым, мыпхуэдэ жэуап кьызитащ:

- ЕджапIэ нэхъыщхьэ сыщIэтIысхьэу Iэщ Iагъэ щхьэхуэ ззэгъэгъуэтыну сыхьэзмыцу, сыщIалэ дыдэу унагъуэ сихьат. Дэрбзэр Iэщ Iагъэ зимыIэ цIыхубз адыгэ унагъуэхэм кьыщIэбгъуэтэнтэкъым, си анэшхуэри си анэри апхуэдэт. Дэри абыхэм дакIэлъыплъурэ десащ. «Уэсэр узым хуэдэщ», - жыхуаIэращи, нобэр кьыздэсым солэжь.

Нэуал и Iэщ Iагъэр Дамаск псом кьыщащIащ. Езыри хэти гуапэу зэрыхущытым кьыхэкIыу, цIыхубзхэр куэду кьекIуалIэрт абы и деж, и Iэщ Iагъэм зыхуагъасэрт. Апхуэдэу Ливием щекIуэкIа зауэм кьыхэкIыу Сирием кьитIысхьа цIыхубзхэм ЮНИСЕФ-м и лъэныкъ ядэлажьэу, и Iэщ Iагъэр ирагъащIэу щытащ. Дамаск «ЦIыхубз зэхуэсыпIэ» фIащауэ щыIэт Iуэхущ Iапl э щхьэхуэ. Абы кьекIуалIэрт куэд, Iэщ Iагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэу.

Чым Нэуал и цIэр хьэрыпI щынальэм фIыкIэ зэрыщыIуам щыхьэт техъуэ хъыбар гъэщIэгъуэн кьиIуэтэжащ:

- Сирием и президентым и щхьэгъусэм ильэс кьэс анэхэм я махуэм ирихьэлIэу кьэралым ис цIыхубз пэрытхэр зэхуишэсырти игъэльапIэрт. Апхуэдэ зи чэзу зэхуэсым сэри срагъэблэгъат. ЦIыхубз 80 кьыздекIуэлIа зэIущIэм зэгуэр сэ зырат яхэтыр. Президентым и щхьэгъусэм саугъэту хуэсхьат си Iэдакъэщ Iэкl IэльэщIышхуэр, икIи икъукIэ ар и гуапэ хъуащ. А зэIущ Iэм и фэеплъу кьыдатат кьэралым ис цIыхубз цIэрыIуэхэм ятеуха тхылъ «Анэхэм я махуэ» зыфIащар. Абы и зы напэкIуэцIыр сэ стеухащ, си хьэпшыпхэм я сурэти щыIгъуу.

Нэуал псапэ куэду ищIэу щытащ, и бынхэри а Iуэхум хуигъэсащ. Абы и къуэ нэхъыжь Джэнтий Ливаным щопсэу. Сирием зауэ кьызэрыщыхъейрэ пщIы бжьгъэкIэ абы и унэм кьекIуалIэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ адыгэ унагъуэхэм ядоIэпыкъу, ахэр Тыркум е нэгъуэщI кьэралекIуэлIапIэ ящIыным, абыкIэ сэбэп мэхъу. Апхуэдэу, къатищу зэпетI Нэуалхэ я унэм зи псэуалъэ зэтракъута адыгэ унагъуэ зыбжанэ мы зэманми щопсэу.

Хэкужьым и хъыбар сыт щыгъуи зэхэзых, Кавказыр зи плъапIэ лъэпкъым я щIэблэхэми я анэдэлъбзэр яIурылъщ, я хабзэри лъэпкъ тхыдэри ящIэу кьыдэкIуэтащ. Нэуал и къуэ Янал илъэсипщIым щIигъащ Къэбэрдейм кьызэритIысхьэрэ. Ар ухуакIуэщ. Нарткъалэ зыщIэса фэтэрыр ищэжри, Къэхъун унэ лъапсэ кьыщищэхуауэ и унагъуэмрэ и анэмрэ я гъусэу щопсэу. Кьыдалъхуахэр хамэ кьэралым зыбжанэм щыIэгрыдза хуэщ Сирием щекIуэкI зауэм и зэранкIэ, ауэ хъуэпсапIэ яIэщ унагъуэр икIэщIыпIэкIэ зэгъуэ хъужьну, икIи мэгугъэ ар мыгувэу кьайхъулIэну.

Тхыгъэри сурэтхэри
ЩОДЖЭН Iэминат *ейщ.*

Ныбжьыщ Iэ театрым (ТЮЗ) Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмтеатрым пщIэншэу щигъэлъэгъуащ «Влюбленная Баба Яга» спектаклыр, щэнхабзэ Iуэхущ Iапl эр кьыздэзыIуахыжрэ илъэситI зэрыриткъум и щIыхькIэ.

НыбжьыщIэ театрым зыкъегъэлъагъуэ

• Гъуаздж э

ПЬЕСЭР зытхар КъБР-м и Урыс къэрал драмтеатрми Ныбжьыщ Iэ театрми я актрисэ, драматург Одинцовэ Ириндэ. Аращ Баба Ягам и ролыр зыгъэззэщIари. Спектаклым щыджэгуа нэгъуэщI артистхэми я цIэ кьитIуэнщ. Ахэр НыбжьыщIэ театрым и унафэщI Нало Аскэр (Кащей Бессмертный), Проскурин Артур (Царевич Иван), Шурышкинэ Татьянэрэ Горноуховэ Татьянэрэ (феехэр), Гонжаловэ Дарье (Василисэ Прекрасная), нэгъуэщIхэри.

- Ди гупым хэтхэр режиссер цIэрыIуэ Дзудтагов Къазбэч и нэIэм щIэту зэгуэр лэжьа артист Iэзэхэрщ. Гъуаздж э еджапIэфIхэм актер Iэщ Iагъэ щыззэщIэгъуэта, щIэныгъэфI зиIэ Iэщ IагъэлIхэр кьыщыхэтхкIэ, абыхэм псэ къабзэрэ гу зэIухарэ яIэн зэрыхуейри кьыдолъытэ, - жеIэ Нало Аскэр. - Ди Iуэхущ Iапl эм и лэжьыгъэмсыт щыгъуи пщIэншэу хэтхэри диIэщ. Аэр догъаСэ, театр гъуаздж эм щ Iыдо IыкI. Иджыри ди гупым кьыхэдгъэхъуэну, Iуэхущ Iапl эм зедгъэужьыну ди мурадщ. Нэхъыщхьэращи, иджыблагъэ «Танцзал»-м и етIуанэ кьатым пэш кьыщыдатащ. Кьэнэжьыр ар зыхуей хуэдгъэззэныкIэ кьыддэIэпыкъунэхэр кьэдгъуэтынырщ.

Налшык кьалэм и школ, сабий гъэсапIэхэм щыщу театрым кьаша сабийхэм спектаклыр ягу зэрырихьар нэрылъагъут, апхуэдэ теплъэгъуэхэм щIэлэр щIэнIыкIым зэрыхуейри гурыIуэгъуэщ. А спектаклыр республикэм и еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ, нэгъуэщI зэрыщагъэувынум щэч хэлъкъым.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, НыбжьыщIэ театрыр 90 гъэхэм пщIондэ республикэм щылэжьащ, ауэ зэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым, нэгъуэщI бюджет Iуэхущ Iапl эхэми хуэдэу, абы мылъку хухамыхьыж щыхъум, зэхуащIыжащ.

Илъэс 20 дэкIами, цIыхухэм я хъуэпсапIэр нахуапIэ зэрыхъужар, театрым и лэжьыгъэр зэрызэтеувэжар гуапэщ. Иджы ар Налшык кьалэм и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и упраВленэм и жьауэм щIэт Iуэхущ Iапl эхэм ящыщ.

Урысейм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и грантыр 2013 гъэм НыбжьыщIэ театрым кьыхуагъэфэщащ. Абы кьыпэкIуа сом мин 420-р кьагъэсэбэпащ нэмыщэ драматург цIэрыIуэ Ульрих Хуб и «Ў ковчега и 8» пьесэм кьытращIыкIа спектаклыр ягъэувын папщIэ. Артистхэм спектаклыр фIыуэ кьайхъуЛащ.

Ди гуапэщ щIэблэм я псэм дахагъэр кьыщыгъэушыным телажьэ НыбжьыщIэ театрым и къэкIуэнур дахэ хъуну, сабийхэм папщIэ спектакль щIэщыгъуэхэр игъэувэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

• Самбо

Бахъсэндэсхэм я ехъулIэныгъэ

2000 - 2003 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэм самбомкIэ КъБР-м пашэныгъэ кьащыхьыныкIэ я зэхьэзэхуэ Шэджэм кьалэм щекIуэкIащ. ТекIуэныгъэм и хуэмрэ ящIэнныгъэ теухуа а зэпеуэм республикэм и спортсмени 130-м нэблагъэ хэтащ.

БАХЪСЭН кьалэ округым и ныбжьыщIэхэм зэфIэкI хъарзынэ кьагъэлъэгъуащ икIи ятIэ увыпIэу 3, етIуанэу 5, ещанэу 1 зыIэрагъэхьащ.

Республикэм и чемпион хъуахэщ Куржы Алий (кг 31-рэ), Мэш Мухьэмэд (кг 34-рэ), Кьаныкъуэ Астемыр (кг 50) сымэ. ЕтIуанэ увыпIэхэр кьахьащ Бабыгуей Рэмэзан (кг 34-рэ), ГъукIэлI Марат (кг 38-рэ), Абазэ Аслъэн (кг 46-рэ), Биф Идар (кг 50), Гуэнгъэпщ Заур (кг 60) сымэ. Жанкъазий Мухьэмэд ещанэ увыпIэр лъысащ.

Зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа Бахъсэн кьалэ округым и спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Уэщхъун Башир, ПкIыншэхэ Руслан рэ Бесльэнрэ, Къарэмыщ Сулътан сымэ. ТекIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьахэм дипломхэмрэ медалхэмрэ ираташ.

ДЭРОГУЭ Артур.

Зэхьэзэхуэм щIедзэ

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щокIуэкI «Полицей дядя Стёпа» сабий творчествэмкIэ урыс-сейпсо зэпеуэ. Абы я зэфIэкI щагъэлъагъуэ хъунущ ныбжьыщIэхэми, сабий творчествэмкIэ гупхэми.

ЗЭПЕУЭМ хэтынум щэкIым, пхъэм, ятIэм е нэгъуэщI щIыуэпс материалым кьыхикIыкIын хуейщ иджырей полицейм и теплъэр къэзыгъэлъагъуэ хьэпшып икIи 2014 гъэм накъыгъэм и 26-м нэсыху зэпеуэм зэрыхэтыну зыкъызэриГъэпагъуэм щыгъуу игъэхьын хуейщ мы хэщIапIэм:

- Налшык кьалэ, Кулиевым и проспект, 10. ФыщIэупщIэ хьунущ мы телефонымкIэ: 49-54-63, электронным и адресыр: mvd07@mvd.gov.ru.

КьаIэрыхьа лэжьыгъэхэр кьапщытэнущ: кьагъэлъэгъуа темэм, художественнэ лъагагъымрэ техникэ и лъэныкъэкIэ зэрыгъэхьэзырам, эстетикэ и лъэныкъэкIэ иIэ теплъэм ельытауэ.

Зэпеуэм щытекIуэхэр кьыхихынущ КъБР-мкIэ МВД-м и лэжьакIуэхэмрэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и лЫкIуэхэмрэ зыхэт комиссэм.

Зэхьэзэхуэм кьрикIуаэр 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м зэхалъхьэжьнущ.

Iэдакъэщ Iэкl нэхъыфIхэр Сабий творчествэмкIэ выставкэм щагъэлъэгъуэнущ, текIуэхэр абы щагъэлъэпIэнущ, зыхуэфащэхэр урысейпсо зэпеуэм хэтынущ.

«Полицей дядя Стёпа» проектыр япэу Урысей МВД-м пхигъэкIащ 2013 гъэм. Абы щыгъуэм зэпеуэм кьагъэхьауэ щытащ Iэдакъэщ Iэкl мини 3-м щIигъу икIи зэхьэзэхуэ нэужьым ахэр ираташ социальнэ хъумэныгъэмкIэ Iуэхущ Iапl эхэм щаIыгъ сабийжэм, къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органэхэм балигъ мыхъуахэм я Iэхуэхэмкlэ и Iэнатlэхэм я учетым щытхэм.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 31-рщ.

• Спартакиадэ

Нэхъыжьхэр зэпоуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пенсионерхэм я спартакиадэ екIуэкIащ.

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭ гъэзуанэ къезыхьэлIа дэтхэнэ зыри жылагъуэ гъащIэм жьыдэру адэкIи хэтын папщIэ, дауи, узынщагъэ бгъэдэлъыпхъэщ. АбыкIэ спортым иIэ мыхьэнэр зэрыгъунапкъэншэр хэт и дежкIи щэхукъым. Араш спартакиадэр зыззэзыгъэпэщахэм ныбжь зиIэхэри спорт зэхьэзэхуэхэм нэхъыбэрэ хэтын хуейуэ кьыщIалъытэр.

Зэхьэзэхуэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ гуэшауэ зэхэтащ: атлетикэ псынщIэ, псым есын, стIолыщхьэ теннис, шахматхэр. Нэхъыжьхэр кьыхуагъэува кьалэнхэм хуэдэ щымыIэу пэлъэщащ, я гукъыдэжри кьиIэтащ. Апхуэдэу спартакиадэм япэ увыпIэр щиубыдащ Налшык и командэм. Псом хуэмыдэу псым есынымкIэ фIы и фIыжу зыкъагъэлъэгъуащ кьалэдэсхэр Тубей Радикрэ Лионтьевэ Нинэрэ. Къармэ Мажмудинрэ Бжьахъуэ Людмилэрэ (шахматхэмкIэ), Степанянц Владимиррэ Залукаевэ Таисэрэ (стIолыщхьэ теннис) я хьэрхуэрэгъуэхэм ятекIуащ.

Метр 200 кьэжьныкъуэ бжьыпэр Питулькэ Татьянэ иубыдащ, метр 400-м етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ КъуэщIыСокъуэ Александр.

ТекIуахэм щIыхь тхылъхэр ираташ.

Спартакиадэм ипкъ иткIэ, шахмат-шашкэ джэгуэхэмкIэ «Ладья» клубым щхьэхуэу щекIуэкIащ спортым и ветерану КъБР-м исхэм шахматхэмкIэ я зэпеуэ. Абы зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа спортсмен 20-м ящыщу 11-р спортым и мастер хъунымкIэ кандидатхэт.

Зэхьэзэхуэм хэта цIыхухъухэм я деж япэ увыпIэр кьыщихьащ Прохладнэ кьалэм щыщ Вулах Валерий. Къармэ Мажмудин (Налшык) етIуанэ, Понэж Борис (Нарткъалэ) ещанэ хъуащ.

ЦIыхубзхэм я зэпеуэм Налшык щыщ Бжьахъуэ Людмилэ пэхъун яхэтакъым. ЕтIуанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ Мамбэт Надижэт (ШЭджэм).

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд *(редактор нэхъыщхьэ)*, Жьэкlэмыхъу Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Ширдий Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, Гъурыжь Мадинэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ Iэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-47-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм -42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм яку жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныир и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редакцэ Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2, 6-нз)*, ПхытIыкI Азэмэт *(3, 4, 5-нз)*, *корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* Мырэзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 •Тираж 4.687 •Заказ №1042